Injiil bi ngir Xale yi
Kii di ko xamlé

Juddub Yeesu



Ki ko bind: Edward Hughes

Ku def illustration bi: M. Maillot

Ki ko tekki: Christian Lingua

Ki def adaptation bi: E. Frischbutter; Sarah S.

Nettali 36 ci 60

www.M1914.org

Bible for Children, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

Wolof

Malaaka bi wax Maryaama it ne ku mu bookal Elisabet dafa ëmb ci maggetaayam. Lii itam keemaan la woon. Ba loolu ame Maryaama dem seeti Elisabet. Ñu booloo maggal Yàlla.



3

Maryaama dafa waaroona sey ak ku góor ku tuddu Yuusufa. Yuusufa tiis ba mu yeggé ni Maryaama dafa ëmb. Mu xalaat ni benneen góor moo nekkoon baay bi.

4

Ci gent, malaakay Yàlla ne Yuusufa ni xale bi Doomu Yàlla la woon. Yuusufa dafa waaroona dimbali Maryaama ci samm Yeesu.



5

Yuusufa woolu Yàlla te deggël ko it. Mu topp itam yoon yu dëkkëm tërël. Ndax yoon bu bées bi, moom ak Maryaama ñu deluwaat ci seen dëkk Betleyem, ngir fay seeniy taks.

6

Waxtu bu Maryaama waaroona mucc agsi. Wante Yuusufa mënuta woon a gis negg feen. Obers yi yëpp dañu feesoon.

7

Yuusufa mujje gis ap bërëp. Foofu, la goone gi Yeesu juddoo. Yaayam tërël ko ci leKkukaayu jur gi, maanaam ci bërëp bu ñu tamm di defal mala yi lekk.

8

Lu sooriwul dara fañu nekkoon, amoon na ay sàmmkat yu doon wottu jur gi doon nelaw. Malaakay Yàlla feeñu leen ngir xamal leen xebaar bu neex bi.

9

"Tey jii ca dëkku °Daawuda, ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy °Almasi bi, di Boroom bi. Dingeen gis liir bu ñu laxas ci ay laytaay, tëral ko ci lekkukaayu jur."

10

Bi mu waxee loolu, yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan, ànd ak moom, di sant Yàlla naan: "Nañu màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa, te ci àddina, na jàmm wàcc ci nit, ñi mu nangu ndax yiwam."



11

Ñu daldi gaawantu dem gis liir ba ñu tëral ca lekkukaayu jur ga. Bi ñu léen gisee, ñu nettali lu leen malaakayi waxoon ci mbirum Yeesu.

12



Ba ñeent fukki fan jaalé, Yuusufa ak Maryaama yoobu Yeesu ci këru Yàlla ci Yerusalem. Foofu góor bu ñuy woowé Simeyon màggal Yàlla ndax liir bi, ak maggeet bii di Aana, benneen jammi boroom bi di ko gërëm itam.

13



Ñoom ñëpp xamoon nañu ne Yeesu mooy Doomu Yàlla, Musalkat bu ñu diggewoon. Yuusufa saraxe ñaari pitax. Lii mooy maye bu yoonu Yàlla waxoon ni miskin yi waaroon nañu ko indi bu ñuy indi liir bu bees ci këru Boroom bi.

14

Ay waxtu topp ci,
mu am ap biddeew
bu indi ay boroom
xam-xam ci dëkku
Yerusalem yu
joggé ci



benn dëkku penku.
Ñu laajté naan "Ana kii
juddu nekk Buuru Yawut yi?
Dañu koo bëgge màggal."

15

Buur bi Erodd degg
borom xam-xam yi. Mu
jaaxle, mu ñaan leen ñu
wax ko fu Yeesu nekk
bu ñu ko gisse. Mu
dooli ci ne: "Man itam
dama kaa bëgge màggal".
Wante dafa doon fen.
Erodd dafa bëggoona
rey Yeesu.



16

Bideew bi yoobu borom Xam-xam
yi ci kër ga fu Maryaama ak
Yuusufa dëkkoon ak liir bi.
Ñu sukk te màggal ko, ñu may
Yeesu wurus ak cuuraay.

17

Yàlla artu borom Xam-xam yi
ñu ñibbi seen réew te baña
wax kenn. Erodd daldi mer
lool. Mu fasyeene rey Yeesu,
buur bu bon bi rey liir yu góor
yu nekkoon ci Betleyem yepp.

18

Wante Erodd
mënutawoona gaañ
Doomu Yàlla bi! Ba ñu
ko artoo ci biir gént,
Yuusufa jël Maryaama
ak Yeesu gàddaayu
jëm ca réewu Misra.

19

Ba Erodd faatoo
Yuusufa gen reewup
Misra indiwaat
Maryaama ak
Yeesu ci seen
dëkk.



Ñu dëkk ci dëkk bu ndaw bu ñuy
wax Nasaret, te mu nekk ci wëtu géeju Galile.

20

Juddub Yeesu

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Macë 1-2, Luug 1-2

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Yàlla xam na ni def nañu ay mbiir yu bon,
yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee.

Yàlla def ñu bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi ngir fay suñuy bàkkaar. Yeesu dekki ba deluwat ci kaw asamaan! Leegui Yàlla mën na ñu baal suñuy bàkkaar.

Boo bëggé dëdu say bàkkaar, waxal lii Yàlla: Yow Yàlla, gëm na ni Yeesu dée na ngir man té mungui dundat leegui. Mangui la koy ñaan ñëwël ci sama dund té baal ma samay bàkkaar, ba ma mëna am dund gu bees leegui, té ma mëna nekk ak Yoow ba faaw. Dimbalima ngir ma mëna dund ngir yow ni Sa doom.
Amiin. Yowaana 3:16

Jàngal Injiil bi té waxal ak Yàlla bës bu nekk!